



# ISHENGERO RIZANA

## IMPINDUKA ZIKOMEYE

---

Ibiranga umwigishwa nyawe

---



## ▣ LIVING ON THE EDGE

### IBIJANYE NA LIVING ON THE EDGE

**Living on the Edge** ni ishirahamwe ribereyeho gufasha Abakristo kubaho nk'Abakristo nyene. Ryashinzwe mu mwaka wa 1995 rimeze nk'ikiganiro co kw'iradio c'Umwanditsi akaba n'umupasitori Chip Ingram, guhera ico gihe Imana yagumye irikuza gushika aho ricika ishirahamwe mpuzamakungu rifasha mu guhindura abizera ngo bashike ku rugero rwo kuba abigishwa. Riratanga inyigisho, n'ibikoresho vyo guhindura abizera, abigishwa hirya no hino kw'isi kugira ngo babe Abigishwa ba Kristo bakuze.



# Urutonde rw'ivyigwa

**Igice ca Mbere ..... Urupapuro rwa 4**

Ugutangura

**Igice ca Kabiri ..... Urupapuro rwa 16**

Ni igiki Imana inyifuzako?

**Igice ca Gatatu ..... Urupapuro rwa 22**

Ni gute noronka ivyiza vy'Imana mu  
buzima bwanje?

**Igice ca Kane ..... Urupapuro rwa 28**

Ni iyihe ntumbero y'Imana mu buzima  
bwanje?

**Igice ca Gatanu ..... Urupapuro rwa 36**

Ni gute noba mu kibano nyaco?

**Igice ca Gatandatu ..... Urupapuro rwa 42**

Ni gute nonesha ikibi kije kintumbereye?

**Igice c'Indwi ..... Urupapuro rwa 48**

Ni igiki gikurikira?



# ISHENGERO RIZANA

## IMPINDUKA ZIKOMEYE

---

Gutangura

---

IGICE CA MBERE



## 1. Igituma turi hano kw'isi

A. Kugira ngo duheshe Imana **ICUBAHIRO** .

Ni muhimbazanye nanje Uhoraho, Dushirane hejuru izina ryiwe.

Z A B U R I 3 4 : 3

B. Kugira ngo **TWEGERE** Imana cane.

twegereze dufise imitima y'ukuri, twizeye ata mazinda,...

A B A H E B U R A Y O 1 0 : 2 2

C. Kugira **TURONKE** ubuhinga bwo guhindura abandi abigishwa.

Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw izina rya Data wa twese n'iry' Umwana n'irya Mpwemu Yera; mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Umve, ndi kumwe namwe imisi yose, gushitsa ku muhero w'isi.

M A T A Y O 2 8 : 1 9 - 2 0



### GUHANAHANA IVIYIYUMVIRO

1. Ni muje mu migwi hanyuma mwidondorane mu majambo make. Ni ibiki mwiteze mukanya tuza kuba turi kumwe?
2. Ni icifuzo ikihe ufise ku abana bawe (canke abazovyara)?

## 2. Icifuzo c'Imana kw'ishengero ryawe

A. Buri muvyeyi arafise **ICIFUZO** yifuriza abana biwe.

B. Data wacu wo mw'ijuru arafise ikintu yifuriza  
**ABANA** biwe bose.

C. Icifuzo c'Imana ni uguhindura abana bayo ngo base na  
**YESU**. (Matayo 5:48, Aboroma 8:29, Abanyefeso 4:13)

D. Umugambi w'Imana mu guhindura abantu abigishwa ni  
**ISHENGERO**. (Matayo 5:13-16)

“Ikintu ca mbere gikenewe mw'ishengero ni uko Abakirisu bobaho nk'Abakirisu.” - **CHIP INGRAM**

E. IKIBAZO: Mbega **ISHENGERO** **RIFISE** **UBUZIMA**  
rimeze gute?



### 3. Ibintu bitatu biranga ishengero rifise amagara meza.

A. Abantu bazimiye **BARAZA** **KURI** **CHRISTO**.

#### ITEGEKO RIKURU

“Yesu arabegera, arababgira, ati Jewe nahawe ububasha bgose mw ijuru no mw isi. Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw izina rya Data wa twese n’iry’ Umwana n’irya Mpwemu Yera; mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Umve, ndi kumwe namwe imisi yose, gushitsa ku muhero w’isi.

MATAYO 28:18-20

B. Abakijijwe **BARAKURA** **MU** **BURYO** **BW’IMPWEMU**.

#### ICAGEZWE GIKOMEYE

“Aramwishura, ati Mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose n’ubugingo bganyu bgose n’ubgenge bganyu bgose. Iryo ni ryo rihambaye rya mbere. Har’ irindi rya kabiri rimeze nka ryo, n’iri: Mukunde bagenzi banyu nk’uko mwikunda. Kur’ ayo mabgirizwa yompi ivyagezwe vyose n’amajambo y’abavugishwa n’Imana ni yo vyenenako.”

MATAYO 22:37-40



C. Abantu bigishijwe BATORERA UMUTI IBIBAZO  
Vyo mu kibano.

### IMPUHWWE ZIKOMEYE

“Maz’ Umwami azobgira abar’ i buryo bgiwe, ati Ni muze, abo Data yahezagiye, muragwe ubgami mwateguriwe, uhereye ku kuremwa kw’isi. Nari nshonje, murangaburira, nari mfise inyota, mumpa ico nywa; nar’ ingenzi, mumpa indaro; nagenda gusa, muranyambika; nari ndwaye, muza kuraba uko mmeze; nari mw ibohero, muza kundaba. Maz’ abagororotsi bazomubaza, bati Mwami, twakubonye ryari ushonje, tukakugaburira; cank’ ufise inyota, tuguha ico unywa? Twakubonye ryari ur’ ingezi, tuguha indaro; cank’ uagenda gusa, tukakwambika? Twakubonye ryari urwaye, cank’ uri mw ibohero, tuza kukuraba? Umwami na we azobishura, ati Ndababgire ukuri: Ko mwabigiriye umwe mur’ aba bene Data bari hanyuma y’abandi, ni jewe mwabigiriye.”

M A T A Y O 2 5 : 3 4 - 4 0

Iyo ishengero ryawe rikoze ibi bintu bitatu, riba ari i

ISHENGERO RIZANA IMPINDUKA ZIKOMEYE !



## 4. Mbega ishengero rifise amagara meza rikeneye iki kugira ngo rihindure abantu abigishwa

A. Ishengero iryo ariryo ryose rirakeneye kugira **IGICAPO** **GITOMOYE** c'ukuba umwigishwa. .

B. Buri shengero rirakeneye abarongozi b'abigishwa ba Kristo **UBWA MBERE** bakaba abarongozi **UBWA KABIRI**.

“Ugukomera kw'ishengero canke ukugwa kwaryo bikomoka ku burongozi bwo mu buryo bw'Impwemu bw'umwungere waryo, n'inkomezi z'abigishwa ba Kristo bari muri ryo .”

- DENNIS BARIL

C. Ishengero iryo ariryo ryose rirakeneye kugira **IGICAPO** n' **URUTONDE RWO** **KWISUNGWA** mu guhindura abantu abigishwa.



## 5. Igicapo c'umwigishwa: Abaroma 12

1 Nuko bene Data, ndabahanura kubg' imbabazi z'Imana, ngo mutange imibiri yanyu ibe ibimazi bizima vyera, bihimbara Imana, ni kwo kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi.

2 Ntimushushanywe n'ivyiki gihe, yamara muhinduke gose, mugize imitima misha, kugira ngo mu menye neza ivyo Imana igomba, nivyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose.

3 Ndabgira umuntu wese muri mwebge, mbgirijwe n'ubuntu nahawe, yoye kwifata ukw atari, yamara yiyumvire yitonze nk'ukw Imana yagereye umuntu wese ukwizera. 4 Nk'uko mu mubiri umwe dufise ingingo nyinshi, kand' ingingo zose zitagira igikorwa kimwe, 5 natwe ni ko turi; turi benshi, kandi tur' umubiri umwe muri Kristo, umuntu wese n'urugingo rwa mugenzi we. 6 Nuko dufise ingabire zitandukana, nk'uk' ubuntu twahawe butandukana: namba twarahawe kuvugishwa n'Imana, tuvugishwe na yo uk' ukwizera kwacu kungana; 7 canke namba twarahawe igikorwa co mw ishengero, tugishishikare; cank' uwigisha ashishikarire kwigisha; 8 cank' uhanura ashishikarire guhanura; ugira ubuntu, abugire ata kinubge; uganza aganzanye umwete; ugira imbabazi, azigire anezerewe.



9 Urukundo rwanyu rwoye kuba uruheyiheyi. Mwanke ibibi, mumatane n'ivyiza; 10 ku vyo gukunda bene Data, mukundane rwose; ku vy'icubahiro, umuntu wese ashire imbere mugenzi we; 11 ku vy'ugushishikara, ntimugire urwangara; mukovye mu mitima gukorera Umwami wacu. 12 Munezererwe kwizigira ibizoba; mwihanganire amagorwa; mushishikare gusenga; 13 mugabanirize abera, uko bakenye; mushishikare gutanga indaro. 14 Ababahama mubahezagire; mubahezagire, ntimubavume; 15 munezeranwe n'abanezerewe, murirane n'abarira. 16 Muhuze umutima; ntimushire umutima ku bikomeye, ariko mugendane n'ivyiyoroheje. Ntimwiyite abanyabgenge.

17 Ntimusubirize umuntu mu nkoko ikibi yabagiriye; mubabare gukora ivyiza imbere y'abantu bose. 18 Namba bishoboka, mu ruhande rwanyu, mwuzure n'abantu bose. 19 Abo nkunda, ntimwihorane, ariko muhe uburyo uburake bg'Imana: kuko handitswe, ng' Uguhora n'ukwanje, ni jewe nzobasubiriza mu nkoko, ni k'Uhoraho agize. 20 Ariko, Umwansi wawe ni yasonza, umugaburire; ni yagira inyota, umuhe ic' anywa: kuko ni wagira urtyo, uzoba umurunzekw amakara yaka ku mutwe. 21 Ikibi coye kukunesha, yamara ikibi ukinesheshe iciza.

A B A R O M A 12 : 1 - 21



A. Imigenderanire 5 nyamukuru dusanga mu BAROMA12 :

IMANA (umurongo wa 1)

ISI (umurongo wa 2)

WEWE UBWAWWE (imirongo 3-8)

ABIZERA (imirongo 9-13)

ABATIZERA (imirongo 14-21)

B. Ukwo UMWIGISHWA yifata imbere y'ivyanditswe mu Baroma 12:

Imana ➤ KUYEGURIRA ubuzima bwanje

Isi ➤ KWITANDUKANYA n'uburanga bwayo.

Wewe ubwawe ➤ UKUTIFATA uko utari

Abizera ➤ GUKORERANIRA mu rukundo

Abatizera ➤ KUNESHESHA ikibi iciza

Ubu nibwo bwoko bw'aba Kristo bagize umushinge w'Ishengero  
Rizana Impinduka Zikomeye



C. Ntutakaze iki: **UKUBA** umwigishwa nyawe bishingiye:

- ☑ Ku buntu, ntibishingiye ku bikorwa
- ☑ Ku migenderanire, si mpa nguhe
- ☑ Ku nyifato, apana ku majambo
- ☑ Ku rugero ruboneka, si nsigabwenge

## 6. Igikorwa usabwa gukora

A. Ntushobora **GUTANGA** ico **UDAFISE**. Ubwirizwa **KUBA** uwo wifuza ko abo urongoye **BABA**.

B. Imana ibwirizwa gukorera **CANE** muri wewe, imbere yuko ikora **MU BURYO BW'INKOMEZI** iciye muri wewe.



### Ivyo Abarongozi basabwa kwiyeemeza

- ☑ Niyemeje kuba **UMWIGISHWA** wa Kristo imbere
- ☑ yo kuba **UMURONGOZI** kubwa Kristo.



|  |  |  |  |  |  |  |  |  |  |
|--|--|--|--|--|--|--|--|--|--|
|  |  |  |  |  |  |  |  |  |  |
|--|--|--|--|--|--|--|--|--|--|

**Ivyo umuntu yo kwiyumvira ku giti ciwe  
n'ivyohanahanwako ivyiyumviro**

1. Ubwa mbere, isuzume wongere usuzume ishengero ryawe ku munzane wo kuva kuri 1-10 wisunze buri karanga k'umwigishwa:

“Nakurondeje umutima wanje wose; Ntukunde ko mpusha ngo mve mu mabgirizwa yawe.”

( P S A L M 119 : 10 )

**Kwegurira ubuzima bwanje Imana**

|           |                    |   |   |   |   |                      |   |   |   |    |
|-----------|--------------------|---|---|---|---|----------------------|---|---|---|----|
|           | Aho nkeneye gukura |   |   |   |   | Aho nkeneye inkomezi |   |   |   |    |
| JEWE      | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6                    | 7 | 8 | 9 | 10 |
| ISHENGERO | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6                    | 7 | 8 | 9 | 10 |

**Kwitandukanya n'uburanga bw'Isi**

|           |                    |   |   |   |   |                      |   |   |   |    |
|-----------|--------------------|---|---|---|---|----------------------|---|---|---|----|
|           | Aho nkeneye gukura |   |   |   |   | Aho nkeneye inkomezi |   |   |   |    |
| JEWE      | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6                    | 7 | 8 | 9 | 10 |
| ISHENGERO | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6                    | 7 | 8 | 9 | 10 |

**Kutiyumvira kuri wewe mu buryo butaribwo**

|           |                    |   |   |   |   |                      |   |   |   |    |
|-----------|--------------------|---|---|---|---|----------------------|---|---|---|----|
|           | Aho nkeneye gukura |   |   |   |   | Aho nkeneye inkomezi |   |   |   |    |
| JEWE      | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6                    | 7 | 8 | 9 | 10 |
| ISHENGERO | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6                    | 7 | 8 | 9 | 10 |



### Gukorera abandi bizera mu rukundo

|           | Aho nkeneye gukura |   |   |   |   |   |   | Aho nkeneye inkomezi |   |    |
|-----------|--------------------|---|---|---|---|---|---|----------------------|---|----|
| JEWE      | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8                    | 9 | 10 |
| ISHENGERO | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8                    | 9 | 10 |

### Kuneshesha ikibi iciza

|           | Aho nkeneye gukura |   |   |   |   |   |   | Aho nkeneye inkomezi |   |    |
|-----------|--------------------|---|---|---|---|---|---|----------------------|---|----|
| JEWE      | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8                    | 9 | 10 |
| ISHENGERO | 1                  | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8                    | 9 | 10 |

2. Ni muje mu migwi kandi wisunze isuzuma wagize aho haruguru, usangize abandi inkomezi imwe Yawe n'Integeke imwe Yawe. .

---

---

---

---

3. Hitamwo umuntu umwe mwosengana kugira Imana itwereke ico bisigura kuba umurongozi mu bwami bwayo.

---

---

---

---



# ISHENGERO RIZANA

## IMPINDUKA ZIKOMEYE

---

Ni iki Imana inyifuzako?

---

IGICE CA KABIRI



# Ni iki Imana Inyifuzako?

Akaranga ka mbere k'umwigishwa dusanga mu Baroma 12, kavuga ku migenderanire yacu **N'IMANA**.

## 1. Uko Twoha Imana Ico Ishaka

Nuko bene Data, ndabahanura kubg' imbabazi z'Imana, ngo mutange imibiri yanyu ibe ibimazi bizima vyera, bihimbara Imana, ni kwo kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi.

A B A R O M A 12 : 1

- A. **ITEGEKO:** «      **MUTANGE**       imibiri yanyu ibe ibimazi bizima.»
- B. **Ikidusunikira kubikora:** «kubwo       **IMBABAZI**       z'Imana »
- C. **Imvo:** «Nikwo       **KUYIKORERA**             **(KUYIHIMBAZA)**       kwanyu kwogira ikimazi.»



## 2. Kwiyegegurira Imana nikwo kuyihimbaza kw'ukuri

A. Imana ishaka **WEWE** **WESE** !

(Kuvayo 20:3, Matayo 6:33)

Ubgami bgo mw ijuru busa n'izahabu zanyegejwe mw itongo. Umuntu yazubutseko, arazihisha, aragenda, umunezero umutera gushora ivy'afise vyose, agura iryo tongo.

Kand' ubgami bgo mw ijuru busa n'umudandaza arondera imaragarita nziza. Abonye imaragarita imwe, y'igicro kinini, aragenda, ashora ivy'afise vyose, arayigura. ”

M A T A Y O 13 : 44 - 46

B. **Ingorane:** dusa n'ababona ukwiyegegurira Imana **MU BURYO BUBI** canke **NK'UKUNANIRWA**. Twisunze Matayo 13, Ukwiyegegurira Imana nico kintu vy'ukuri **CA MBERE CIZA** woshobora gukora.

C. **Ukuri:** Ukwiyegegurira Imana niwo **MUGENDE** imigisha ya mbere myiza y'Imana icamwo.

Yesu arababgira, ati Ndababgire ukuri, Nta waretse inzu, canke bene nyina, canke bashiki biwe, canke nyina, canke se, cank' abana, cank' itongo, kubganje no kubg' ubutumwa bgiza, atazobishumbushwa ijana mur' iki gihe ca none, amazu, na bene nyina, na bashiki biwe, na ba nyina, n'abana, n'itongo, bisukiranjwe no guhamwa, kandi mu gihe kizoba azohabga ubugingo budashira.”

M A R I K O 10 : 29 - 30



D. Ukwiye gurira Imana ni **INGINGO** kandi ni **URUGENDO**.  
Ni amahitamwo atuma tubaho mu buryo kanaka.

38 Arababgira, at' Umutima wanjye uri n'akabonge kagomba kunyica:  
ba muragumye aha, mubane maso nanje. 39 Yunguruza imbere  
gatoya, arubama, arasenga, ati Data asangwa vyoshoboka, iki gikombe  
ni kindengane: ariko ntibibe uko jewe ngomba, yamara bibe uko wewe  
ugomba.”

MATAYO 26:38-39

E. Duha Imana **VYOSE** mu kumuha **IGIKURIKIRA**  
**IKINTU**.

Imana irahaza iramubwira iti: Tora umwana wawe w'ikinege ukunda,  
Izahaki, uje mu ntara ya Moriya, umutangireyo igitambo co kwoswa  
ku musozi nzokwereka.”

ITANGURIRO 22:2



## Ivyo umurongozi yiyemeza

☑ Ndiyemeje **KWEGURIRA** Imana ivyo mfise vyose nico ndi cose.

- ☑ Amafaranga yanje
- ☑ Kazoza kanje
- ☑ Indoto zanje
- ☑ Akazi kanje
- ☑ Umuryango wanje
- ☑ Ibinezereza
- ☑ Izina ryanje mu kibano
- ☑ Ukuroranjirwa/ ukunanirwa vyanje
- ☑ Intumbero zanje

Kuk' Uhoraho Imana ar' izuba, ar' inkinzo; Uhoraho azotanga ubuntu n'icubahiro: Ntazogira iciza na kimwe yima abagenda batunganye."

Z A B U R I   8 4 : 1 1



### Guhanahana Ivyiyumviro

1. Ni muje mu migwi. Mwibaza ko ari kuki abakristo benshi batabayeho ubuzima bwo kwiyegegurira Imana ??

---

---

---

---

2. Ni ikihe gice c'ubuzima bwawe ( amafaranga, umuryango, akazi n'ibindi) Imana yoba iriko igusaba ngo uyegurire? Ni hehe biriko birakugorera?

---

---

---

---

3. Hitamwo umuntu umwe musengane kugira ngo Imana ibahe inkomezi zo kuyegurira ibibagora.

---

---

---

---



# ISHENGERO RIZANA

## IMPINDUKA ZIKOMEYE

---

Ni gute noronka ivyiza vy'Imana  
biruta ibindi mu buzima bwanje?

---

IGICE CA GATATU



# Ni gute noronka ivyiza vy'Imana biruta ibindi mu buzima bwanje?

Akaranga ka Kabiri karanga umwigishwa yisunga Abaroma 12 kajanye n'imigenderanire tugiranira **N'ISI**.

## 1. Ni gute woronka ivyiza vy'Imana biruta ibindi mu buzima bwawe?

Ntimushushanywe n'ivy' iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivy' Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose.

A B A R O M A 1 2 : 2

A. Ni kuki hariho abantu benshi bafata **INGINGO** zo gukizwa ariko bake gusa akaba aribo biyemeza kuba **ABIGISHWA**?



**B. Itegeko ry'ico tudakwiye gukora:** “Ntimushushanywe n’ivy’iki gihe...”

**Insiguro:** Hagarika kwemera kwoshwa n’ IVYIYUMVIRO  
n’uburyo bwo gukora bw’iy’isi.

**Gushira mu ngiro:** Tubwirizwa KWITANDUKANYA N’uburanga  
bw’iy’isi.

**C. Itegeko ry'ico dukwiye gukora:** “..... yamara muhinduke  
rwose, mugize imitima misha (ivyiyumviro bishasha), .”

**Insiguro:** Emerera Imana ihindure ijana kw’ijana ukuntu  
wiyumvira n’inyifato yawe mu kwemera gukorana akanya ku  
kandi n’umutima wawe wose na Mpwemu Yera mu rugendo rwo  
kuguhindura.

**Ugushira mu ngiro:** Tubwirizwa kwemera guhingurwa n’  
IJAMBO RY’IMANA, apana n’ ISI.



## 2. Gutandukana n'uburanga bw'isi

Ntimugakunde isi, cank' ibiri mw isi. Umuntu ni yakunda isi, ugukunda Data wa twese ntikuzoba kuri muri we. Kukw ikiri mw isi cose ar' ivyifuzo vy'umubiri, n'ivyifuzo vy'amaso, n'ubgibone bg'ubu bugingo, bitanduruka kuri Data wa twese, ariko vyanduruka mw isi. Kand' isi irikw irashirana n'ivyifuzo vyayo, arik' ukora ivy' Imana igomba yamah' ibihe bidashira..

1 YOHANI 2 : 15 - 17

**Incamake:** Isi yifuza kuturesha ngo iheze idukure mu Rukundo rwa Kristo biciye mu **BITUNEZEREZA**, **UBUTUNZI**, n' **IBIBANZA VY'UBUZI**.



### 3. Ingingo ngenderwako zo guhindura ivyiyumviro vyawe

- A. Ni urugendo **RUBANDANYA** . (Ab'I Kolosayi 3: 1-8)
- B. Ni **URUGAMBA** . (2 Ab'I Korinto 10:4-5)
- C. Ni igikorwa **KIDASANZWE** ca Mpwemu Yera. (Abaroma 8:5-6)

### 4. Uburyo bufadika bwo guhindura ivyiyumviro vyawe

- A. **KWUMVA** Ijambo ry'Imana (Abaroma 10:17)
- B. **GUSOMA** Ijambo ry'Imana (Ivyahishuriwe Yohana 1:3)
- C. **KWIGA** Ijambo ry'Imana (2 Timoteyo 2:15)
- D. **GUFATA KU MUTWE** Ijambo ry'Imana (Zaburi 119:9, 11)
- E. **KURIMBURA** Kw'Ijambo ry'Imana (Joshua 1:8)
- F. **KUMVIRA** Ijambo ry'Imana (Yakobo 1:22)

«Tubwirizwa kuba abantu bisunga Bibiliya: Atari abantu bazi ico ivuga gusa, ariko abantu bama barasoma Bibiliya bakongera bakayisunga, abantu bibiye mu vyanditswe vyera, baba murivyo bakongera bakabihumeka.» - N.T. WRIGHT



### Ivyo umurongozi yiyemeza

- ☑ Ndiyemeje kumarana akanya n'Imana buri musu kugira ngo nshobore guhindurwa n'Ijambo Ryayo, ryongere rindinde **IBIGERAGEZO** vy'iy'isi.

### 🔗 Kwifatanya - Ivyiyumviro vy'umuntu ku giti ciwe n'Ikiganiro

1. Ni izihe nzitizi ziri mw'isi ( ibihimbaro, ibiti /ibibanza mu kazi, ububasha) bikubuza kumara akanya mw'ijambo ry'Imana?

---

---

---

---

2. Nimwinjire mu mirwi y'abantu 3-5 muhitemwo umuntu umwe azosoma Abafilipi 4:8 n'ijwi rirenga:

Finally, brothers and sisters, whatever is true, whatever is noble, whatever is right, whatever is pure, whatever is lovely, whatever is admirable—if anything is excellent or praiseworthy—think about such things.

PHILIPPIANS 4:8

3. Umuntu wese asangire n'abandi ikintu co mu buzima bwiwe canke mu busuku bwiwe coba ari ukuri, c'icubahiro, kigororotse, gityoroye, gikundwa, gishimishije, ciza cane canke gikwiriye gushimwa.



# ISHENGERO RIZANA

## IMPINDUKA ZIKOMEYE

---

Ni iyihe ntumbero y'Imana mu  
buzima bwanje?

---

IGICE CA KANE



# Ni iyihe ntumbero y'Imana mu buzima bwanje?

Akaranga ka gatatu k'umwigishwa yisunga Abaroma 12 ni imigenderanire tugiranira na **TWEBWE UBWACU**.

## 1. Ibibazo Bitatu Mpuzamakungu

- A. Ndi nde? ( **AKARANGA KANJE** )
- B. Ni ikihe kibanza canje mu buzima? ( **UMUTEKANO WANJE** )
- C. Mbega nkwiye gukora iki? ( **AGACIRO KANJE** )



## 2. Akaranga kanje

Ndabgira umuntu wese muri mwebge, mbgiriye n'ubuntu nahawe, yoye kwifata ukw atari, yamara yiyumvire yitonze nk'ukw Imana yagereye umuntu wese ukwizera.

A B A R O M A 12 : 3

**Itegeko:** Kwiyumvira kuri wewe **MU BURYO** **BUTOMOYE** .

**Ndi nde?** Naratoranijwe, ndagororotse, ndi umwana w'Imana, ndi igikoreshe c'ijambo ( Abanyefeso 1:4-8).

## 3. Umutekano Wanje

Nk'uko mu mubiri umwe dufise ingingo nyinshi, kand' ingingo zose zitagira igikorwa kimwe, natwe ni ko turi; turi benshi, kandi tur' umubiri umwe muri Kristo, umuntu wese n'urugingo rwa mugenzi we.

A B A R O M A 12 : 4 - 5

**Itegeko:** Gushitsa **IGIKORWA** Imana yaguhaye.

**Ni ikihe kibanza canje mu buzima?** Mu muryango w'Imana.



## 4. Agaciro kanje

Nuko dufise ingabire zitandukana, nk'uk' ubuntu twahawe butandukana: namba twarahawe kuvugishwa n'Imana, tuvugishwe na yo uk' ukwizera kwacu kungana; canke namba twarahawe igikorwa co mw ishengero, tugishishikare; cank' uwigisha ashishikarire kwigisha; cank' uhanura ashishikarire guhanura; ugira ubuntu, abugire ata kinubge; uganza aganzanye umwete; ugira imbabazi, azigire anezerewe.

A B A R O M A 12 : 6 - 8

**Itegeko:** Kumenya no **GUKORESHA** Ingabire zanje zo mu buryo bw'impwemu.

**Ni igiki nkwiye gukora?** Mukoreranire mu rukundo (Tuzoshimikira kw'iki cyumviro mu gice gikurikira.)



## 5. Nk'umwungere

A. AKARANGA KANJE: Uremewe kubw'ubuntu bw'Imana

**ATAGISABWE**

Kubw'ivyo, ubayeho kandi ukora

**KUKO**

Ikwemera, atari

**KUGIRA**

Ikwemere.

Ubuntu ni bwo bwabakijije kubw'ukwizera: na vyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, n'ingabire y'Imana; ntivyavuye ku bikorwa, kugira ngo hoye kugira uwirarira.

A B A N Y E F E S O 2 : 8 - 9

B. UMUTEKANO WANJE: Imana yagushize aho ukwiye kuba.

Igihe cose **WIGERERANIJE** n'abandi barongozi, wama

**UNANIRWA**.

Kuko tur' ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukore ibikorwa vyiza, ivyo Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo..

A B A N Y E F E S O 2 : 1 0



C. AGACIRO KANJE: Nk'umurongozi mw'ishengero, ubwirizwa  
**GUTEGURA** abandi kugira bakorere Imana..

Kandi yahaye bamwe kuba intumwa, abandi kuba abavugishwa na we,  
abandi kuvuga ubutumwa bgiza, abandi kuba abungere n'abigisha: kugira  
ngw abera babone gutungana, baheze bakore igikorwa co kugabura ivy'  
Imana, bubake umubiri wa Kristo..

A B A N Y E F E S O 4 : 11 - 12



#### Ivyo abarongozi basabwa kwiyezeza

- ☑ Ndiyemeje kwama nisunga **UBUNTU** bw'Imana  
n' **ABANTU** bayo kugira ngo nkore igikorwa  
cayo, kubera ntoshobora kwikorana ibintu vyose.



## Kwifatanya - Ivyiyumviro vy'umuntu ku giti ciwe n'lkiganiro

### 1. Isuzuma ry'ivyiyumviro vy'umuntu ku giti ciwe:

Noshobora gute kwongereza ukuntu nkorera abandi?

---

---

---

---

A. Twisunze abaroma 12, ni izihe ngabire zo mu buryo  
bw'impwemu zibanze Imana yaguhaye:

- |                                        |                                      |                                   |
|----------------------------------------|--------------------------------------|-----------------------------------|
| <input type="radio"/> Ukuvugishwa      | <input type="radio"/> Ugutera intege | <input type="radio"/> Ukurongora  |
| <input type="radio"/> Ugukorera abandi | <input type="radio"/> Ugutanga       | <input type="radio"/> Ukugaragaza |
| <input type="radio"/> Ukwigisha        |                                      | impuhwe                           |

B. Ivyiyumviro vy'umuntu ku giti ciwe: Ni ibihe bintu biriko  
birakubuza kurushiriza gushimikira ku ngabire zawe  
z'ibanze?

---

---

---

---



C. Rimbura igikorwa cawe mu mice itatu yagutse:

**MBWIRIZWA  
GUKORA**

(Amahigwe yo  
gushimika)

**NKWIRIYE  
GUKORA**

(Amahigwe yo gusuzuma)

**NOSHOBOA  
GUKORA**

(Amahigwe yo kubituma  
uwundi)

IBISHIGWA IMBERE ←  
GUSUMBA IBINDI

→ IBISHIGWA INYUMA  
Y'IBINDI

|  |  |  |
|--|--|--|
|  |  |  |
|  |  |  |
|  |  |  |
|  |  |  |
|  |  |  |
|  |  |  |
|  |  |  |
|  |  |  |
|  |  |  |
|  |  |  |

2. Guhanahana ivyiyumviro: Ni muje mu migwi y'abantu batatu gushika kuri batanu. Mwisunze iki gice, ni ikihe cyumviro gikomeye wahishuriwe kuri wewe ubwawe?

|  |
|--|
|  |
|  |
|  |
|  |



# ISHENGERO RIZANA

## IMPINDUKA ZIKOMEYE

---

Ni gute mbanye n'abandi  
mukibano?

---

IGICE CA GATANU



# Ni gute mbanye n'abandi mukibano ?

Akaranga kagira kane k'umwigishwa yisunga abaroma 12 kajanye n'imigenderanire yiwe n'abandi **BIZERA**.

## 1. Ico bisaba ngo umuntu akure mu buryo bw'impwemu

- A. . Ikibazo: Ni kuki, Abakristo b'ukuri **BAHAGARIKA GUKURA**  
**MU BURYO** **BW'IMPWEMU** ?
- B. Abakristo benshi ntibishira mu **KIBANZA** nyaco.
- C. Ikibanza nyaco ni **IKIBANO** **NYACO**.

Urukundo rwanyu rwoye kuba uruheyiheyi. Mwanke ibibi, mumatane n'ivyiza; ku vyo gukunda bene Data, mukundane rwose; ku vy'icubahiro, umuntu wese ashire imbere mugenzi we; ku vy'ugushishikara, ntimugire urwangara; mukovye mu mitima gukorera Umwami wacu. Munezererwe kwizigira ibizoba; mwihanganire amagorwa; mushishikare gusenga; mugabanirize abera, uko bakennye; mushishikare gutanga indaro.

A B A R O M A 1 2 : 9 - 1 3



D. Ikibano nyaco tugisanga cane cane mu MIGWI  
MITO MITO.

E. Gumiza mu mutwe ko: Atari imigwi yose mitomito irema  
IKIBANO NYACO!

F. Ikibano nyaco gishoboka iyo DUKORERANIYE MU  
RUKUNDO.

G. Ntidushobora KWISANGA mu kibano nyaco; bisaba ko  
tubigira integuro kandi ko twitoza indero nziza.



## 2. Mbega gukorera abandi mu rukundo bisigura iki?

A. Gukorera abandi mu Rukundo bishoboka iyo:

\_\_\_\_\_ **WEWE** \_\_\_\_\_ w'ukuri (Abaroma 12:9),

Atoreye umuti \_\_\_\_\_ **IBIBAZO** \_\_\_\_\_ vy'ukuri (Abaroma 12:10),

Kubwo \_\_\_\_\_ **IMPAMVU** \_\_\_\_\_ nyazo (Abaroma 12:11),

Mu \_\_\_\_\_ **BURYO** \_\_\_\_\_ **NYABWO** \_\_\_\_\_ (Abaroma 12:12-13).

B. Wewe w'ukuri, atari \_\_\_\_\_ **ISHUSHO** \_\_\_\_\_ **Yawe** \_\_\_\_\_ **ITARIYO** \_\_\_\_\_  
wereka abandi.

**Kuba ico uri** – « Urukundo rwanyu rwoye kuba uruheyiheyi.»

**Ukwezwa** – « Mwanke ibibi. Mumatane n'ivyiza.»

C. Gutorera umuti ingorane nyazo, apana ingorane

\_\_\_\_\_ **ZO HEJURU HEJURU** \_\_\_\_\_.

**Ugukundana** – « Kuvyo gukunda bene Data, mukundane rwose»

**Ugucabugufi** – « Kuvyo icubahiro, umuntu wese ashire imbere mugenziwe.»

D. Kubwo impamvu nyazo, atari kugira \_\_\_\_\_ **UNEZEREZE** \_\_\_\_\_ abantu.

**Igituma ukora** – « ku vy'ugushishikara, ntimugire urwangara; mukovye mu mitima gukorera Umwami wacu.»



E. Mu buryo nyabwo, atari mu **NKOMEZI** zacu.

**Gushimikira ku biri mw'ijuru** – « Munezererwe kwizigira ibizoba; mwihanganire amagorwa; mushishikare gusenga; mugabanirize abera, uko bakenye; mushishikare gutanga indaro.»

**Gushimikira kuvyo inyuma** – « mugabanirize abera, uko bakennye; mushishikare gutanga indaro.»

### 3. Mbega uriko urabaho mu kibano nyaco?

Abungere benshi barishwe n'irungu ntibagira abantu babakikuje bansangira ubuzima (ikibano nyaco) Kiretse uwo mwubakanye, woba ufise uwundi muntu mu buzima bwawe ...

A. **AKUZI** ?

B. **AGUKUNDA** ?

C. Akubwiza **UKURI** ?

D. **AGUTERA** **INTEGE** ?

E. Ushobora guhamagara **HAGATI** mw' **IJORO** ?

F. Uriko **URAKORERA** ?

G. **AGUKORERA** ?

Mwungere, ubwirizwa kwiga kwakira ikibano nyaco nk'uko ugiha abandi.



### Ivyo abarongozi basabwa kwiyemeza

- ☑ Ndiyemeje kurengera imigenderanire yo  
**HEJURU HEJURU** no kwemera kuba mu kibano nyaco  
biciye mu gukorera abandi mu Rukundo. .



### Guhanahana ivyiyumviro

1. Twisunze ibibazo biri aho musibwako “woba uriko urabaho mu kibano nyaco”, suzuma imigenderanire yawe ya hafi – Mbega imigenderanire yawe n’abandi imeze gute?

Ikibanza co Gukuriramwo

Ikibanza c’inkomezi

|   |   |   |   |   |   |   |   |   |    |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|----|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|----|

2. Ni igiki kiriko kirakubuza kubaka imigenderanire igera kure, imigenderanire ikomeye n’abandi bantu?

---



---



---



---

3. Hitamwo umuntu umwe mwosengeranira kugira ngo mushobore kubaka imigenderanire ifise ubuzima n’abandi.



# ISHENGERO RIZANA

## IMPINDUKA ZIKOMEYE

---

Ni gute nonesha ikibi kije kingana?

---

IGICE CA GATANDATU



# Ni Gute Nonesha Ikibi Kije kingana?

Akaranga ka gatanu k'umwigishwa yisunga Abaroma 12 ni  
imigenderanire tugiranira **N'ABATIZERA**.

## 1. Uko wokora ibidashoboka

Ababahama mubahezagire; mubahezagire, ntimubavume; munezeranwe  
n'abanezerewe, murirane n'abarira. Muhuze umutima; ntimushire  
umutima ku bikomeye, ariko mugendane n'ivyiyoroheje. Ntimwiyite  
abanyabenge. Ntimusubirize umuntu mu nkoko ikibi yabagiriye;  
mubabare gukora ivyiza imbere y'abantu bose. Namba bishoboka, mu  
ruhande rwanyu, mwuzure n'abantu bose. Abo nkunda, ntimwihorane,  
ariko muhe uburyo uburake bg'Imana: kuko handitswe, ng' Uguhora  
n'ukwanje, ni jewe nzobasubiriza mu nkoko, ni k'Uhoraho agize. Ariko,  
Umwansi wawe ni yasonza, umugaburire; ni yagira inyota, umuhe ic'  
anywa: kuko ni wagira urtyo, uzoba umurunzekw amakara yaka ku  
mutwe. Ikibi coye kukunesha, yamara ikibi ukinesheshe iciza.

A B A R O M A 1 2 : 1 4 - 2 1




- A. Kuba umukristo yisunga Abaroma 12 **NTIBIGOYE** ...  
ahubwo **NTIBISHOBOKA** !
- B. . **Itegeko ry'ico Twokora:** «Ababahama mubahezagire.»  
**UGUHARIRA** – “Ababahama mubahezagire»  
  
**KWISHIRA MU KIBANZA C'ABANDI** – «Munezeranwe  
n'abanezerewe, murirane n'abarira.»  
  
**KWIFATANYA N'ABANDI** – «Muhuze umutima; ntimushire  
umutima ku bikomeye, ariko mugendane n'ivyiyoroheje.  
Ntimwiyite abanyabenge.»
- C. **Itegeko ry'Ico tutokora:** «Ntimusubirize umuntu mu nkoko  
ikibi yabagiriye; mubabare gukora ivyiza imbere y'abantu  
bose.»
- D. Impamvu zibiri zikomeye zerekana ko kwihora kizira.  
i. Ni ukwiba uburenganzira bw'Imana bw' **UMUCAMANZA** .  
ii. Ni inzira idashika mu kuzana **AMAHORO** . «Umwansi  
wawe ni yasonza, umugaburire.»
- E. **Umusaruro ndengakamere:** **ICIZA** Kizonesha Ikibi.  
«Ikibi mukinesheshe iciza.»



## 2. Inyifato ndengakamere twogira imbere y'ikibi

- A. Tahura ko kugira **UMURURAZI** ari nko kunwa **ISHANO** ugaca witega ko uwundi muntu ariwe agwara.
- B. Umuti uvura iryo shano ryo kugendana umururazi ni **UKUBABARIRA**.
- C. **TANGURA** urugendo rwo kubabarira.



- D. IKIBAZO: Ni **UBUBASHA** **BWO MU BURYO** **IMPWEMU** **BUNGANA GUTE** wifuza guheba kubwo **UMURURAZI** ugendana?



### Ivyo abarongozi basabwa kwiyeemeza

- ☑ Niyemeje Kwisunga UBUBASHA BW'IMPWEMU  
mu gutangura urugendo rwo kubabarira kubwo ikibi  
nakorewe.

### Tangura- Muyage

1. Ni inde ari Yuda wo mu buzima bwawe; Umuntu yaguhemukiye?  
Vyagenze gute, ni iki Imana iriko iragusaba kubw'uwo muntu?

---

---

---

---

2. Ni iyihe ntambuko ya mbere uzotera kugira ngo ubabarire uyo  
muntu? Mbega hari umuntu yogufasha gutera iyo ntambuko?

---

---

---

---

3. Andika izina ry'uwo muntu ku rupapuro uce urizana imbere.  
Ivyo ubikore nk'ikimenyetso co gufata ingingo yo kubabarira  
uwo muntu.

---

---

---

---



**ISHENGERO RIZANA**  
IMPINDUKA ZIKOMEYE

IGICE CA **GATANDATU**



# ISHENGERO RIZANA

## IMPINDUKA ZIKOMEYE

---

Hakurikira iki?

---

IGICE C'INDWI



# Turagukeje!

## IBI NIVYO BIKURIKIRA:

### Urugendo rwawe ntirugarukira aha.

Turanezerejwe no kugushigikiza ibikoresho bitandukanye kuri gusa ngo bigufashe kubaka Ishengero rizana impinduka. Sikana iyo kode iri aho hepfo kugira ngo ushobore gushikira ivyo bikoresho wongere utubwire ico utwiyumvirako. Reka tubandanye kwiga no gukurira hamwe!



► [LOTE.me/HIC](https://LOTE.me/HIC)



# 1. Ibintu bitatu biranga Ishengero Rizana Impinduka Zikomeye





## 2. Gira ico ukoze

- 1. Marana akanya n'Imana:** Saba Imana iyerekwa rishasha ryo kubaka ishengero ritegura abigishwa ba Kristo.
- 2. Tegura abarongozi bawe:** Yaga nabo urongoye ibiri mw'iki gitabo. Rondera amanote ku muhora ngurukana bumenyi ukoresheje kode QR twabonye kurupapuro tuvuyeko.
- 3. Igisha ishengero ryawe:** Koresha iyo kode QR twabonye ku rupapuro tuvuyeko kugira wironkere integuro z'ubutumwa bwiza. Tera intege abo urongoye babe aba Kristo bisunga Abaroma 12. (Ivyigwa vy'imigwi mito mito bizozza muri 2026)



### Ivyo umurongozi yisunga Abaroma 12 yiyemeza

Kubwo ubuntu bw'Imana, Ndashaka KUBA umuntu ni-fuza ko abo ndongoye BABA. Ivyiyumviro vyiza vyanje nzobihindura ibikorwa, kubwivyo, ,

- ☑ Niyemeje kuba umwigishwa wa Kristo imbere yo kuba umurongozi kubwa Kristo.
- ☑ Niyemeje kwegurira Imana ico ndi n'ivyo mfise vyose.
- ☑ Ndiyemeje kuzohora marana akanya n'Imana kugira ngo mpindugwe n'ijambo ryayo ha kwemera kuneshwa n'ibigeragezo vy'iy'isi.
- ☑ Ndiyemeje kwisunga ubuntu bw'Imana n'abantu bayo kugira ngo nshobore gukora neza igikorwa cayo, kuko ntoshobora gukora vyose n'inkomezi zanje.
- ☑ Niyemeje kurengera imigenderanire yo hejuru hejuru no kwubaka ikibano nyaco biciye mu gukorera abandi mu rukundo.
- ☑ Niyemeje kwisunga inkomezi z'Imana zo mu buryo bw'Impwemu kugira ngo ntangure urugendo rwo kubabarira kubwo ikibi nakorewe.

IZINA: \_\_\_\_\_ ITARIKI: \_\_\_\_\_





**ISHENGERO RIZANA**  
IMPINDUKA ZIKOMEYE